

**Æ САБИЙДОГИ БАДИДÆ Æ ДАДАЙ УСХЪÆБÆЛ, РАБАЙЛÆГЪ УОГÆЙ БА – Æ ДОГЪОН БÆХБÆЛ!..**

*БÆЦИАТИ Агудз (1934-2004), аййевадæртасунади кандидат: «Адæймаги æнæбафехсуйгæ хъаурæ æма гъудий уадусмæ усхъæзæй æсхуайунцæ размæ историй цалх. Еци цалхвæд æй цæрунæй мæлунмæ адæми тохи киунугæ, сæ хъиамæт, сæ агъазиау уæлахезти цийнæ æма бæгъатæрдзийнади зар. Е æй тæссаг, фал рæсугъд над æности тарæй исонибонмæ...»*


Цæуун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№10 (1027) 2026 анзи 20 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**БÆРÆГБОНИ АРФÆ**



## «БОЗ ÆМА УИ СÆРУСТУР АН!..»

Рæхги, 25 мартъий бæрæггонд цæудзæнæй нæ зæрдæмæдзæугæдæр бæрæгбæнттæй еу – Уæрæсей культури косæги Бон. Уой фæдбæл культури косгути Еумæйагуæрæсеуон профцæдести Цæгат-Иристойнаг республикон организаций номæй æ сæрдар **Годжити Еленæ** зæрдиагæй арфæ кæнуй нæ республики культури косгутæн, аййевади архайгутæн æма аци къабæзти ветерантæн. Æ арфити нистауæни уотæ баханхæ кодта:

– Абони алæмæти хуæрзаййев равгæ ес бознæ зæгъунæн сумахæн – уæ арфиаг гъуддаги æцæг арæхстгинтæн, уæ дæсниадæбæл æнovуд уогæй ин, æ сæрбæлтау уодуæлдайæй лæггадæгæнгутæн.

Мах уи боз æма сæрустур ан, уомæн æма сумах æнхæст кæнетæ ездондзийнади ихæсгонд æма бæркадгундæр кæнетæ нæ бæсти културон гъæздугдзийнадæ, уодуæлдайæй агъаз кæнетæ арæхстдзийнæдтæ æма искурдиадæ раргом кæнунæн, архайетæ исфæлдистади уæлмонци уавæртæ аразунбæл, зæрдити удоцирени æма дессагдзийнадæ уарзуни æнæниххусгæ арт иссодзунбæл.

Хъæбæр æхцæуæнæй уин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй алкæддæр гъе уотæ рæсугъд æма æнтæстгин куд уайтæ уодикондæй уæ арфиаг фæллойни!.. Нæ культури сæрбæлтау уæ хъазауат уæ алкæмæн дæр куд исуа æнтæстдзийнæдти, уе 'скъуæлхтдзийнæдтæн аккаг аргъ кæнуни рæстæг, уæ ирисхъи тæккæ зæрдæхцæуæндæр æма ирддæр афонæ.

Уадзæ æма уæ бæлдитæ рæсугъд æцæгдзийнадæй исæнхæст уæнтæ, уæ разæнгарддзийнадæ ба тухгинæйтухгиндæр кæнæд!..

* * *

Годжити Елени арфитæмæ гæсгæ æримисуйнаг ан номдзуд уруссаг философ Николай Трубецкойи (1890-1938) загъд: «Хуæдхуз национ культурæ агъаз æй, хецæн адæймæгутæ цæмæй сæхе балæдæронцæ, базононцæ, уомæн...» Æма еци гъуддаги хъазауатонтæ ба 'нцæ нæ национ культури косгутæ, етæ удоуæлдайæй фæллойнæ кæнунцæ æ гъомусади сæрбæлтау. Æма си нæ дзиллæ уомæ гæсгæ ба хъæбæр арфиаг æнцæ.

**САГ САГМÆ КÆРДÆГ БАДАРДТА: ДУ ДÆР СИ БАХУÆРÆ ÆМА ÆЗ ДÆР!..**

# АМОНДМÆ ТÆККÆ РÆСТМÆГÆНÆГДÆР НАД – КÆРÆДЗЕЙ НИМАЙУН ÆМА ЛÆДÆРУН!..

Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз нимад цæуй Уæрæсей цæрæг адæмти еудзийнади Анзбæл. Раст зæгъгæй, адæмти 'хсæн кæрæдзей лæдæрун æма нимайуни фæткæ еу анзмæ нæ рахузæнон уодзæнæй, е берæ рæстæгути лæмбунæг æма арæхстгай аразгæ 'й. Æма, баруагæс уи уæд, адæмæн сæхецæй хуæздæр уомæ некæци мадзæлттæ исарæхсдзæнæнцæ. Æма уомæ арæхсгæ дæр ке кæнунцæ, уомæн æвдесæн æнцæ сæ цардиуаги хабæрттæ сауæнгæ нæ рагфидтæлти рæстæгутæй ба абони уæнгæ.

Еци æвдесæнтæн сæ барæуадзæдæр æй æносон æгъдау – хецæн адæймæгути 'хсæн рæстзæрдæй æрдхуарддзийнадæ. Баруагæс уи уæд, е æй тæккæ ахедгæдæр фæрæзнæ, айдагъ хецæн бийнонтæ кенæ муггæгти 'хсæн нæ, фал æнæгъæнæ хецæн адæмихæттити хæццæ лимæндзийнадæ исфедар кæнунæн. Уой фæдбæл цæуй дзубанди, абони нæ газети 4-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.

Уой фæдбæл æй, зæгъун æнгъезуй, 5-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр. Абони райдæдта пусулмон Комуадзæн. Кæд е пусулмон бæрæгбонбæл нимад цæуй, уæддæр е 'гъдæутти медесмæ гæсгæ ба 'й банимайун æнгъезуй еугурадæмонбæл. Сæ бæрæгбон бæрæг кæнгæй пусулмон дзиллæ ковунцæ Хуцаумæ, цæмæй зæнхæбæл цæрæг аллихузон адæмихæттити минæвæрттæ, аллихузон динтæ æнхæстгæнгутæ кæрæдземæ рæстзæрдæй кæсонцæ, кæрæдзей лæдæронцæ æма нимайуонцæ, æма æмзундæмвæндæй сæ ирисхъи хабæрттæ аразонцæ.



ДЖИОТИ Магрези конд хузæ.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Зундгонд америкаг æхсæнадон архайæг Джени ХОЛЛ (1915-1971) уотæ имиста: «Еу хуцаубони мæ фондзанздзуд хуæрифурти хæццæ аргъауæни адтан. Нæхемæ ку æрбаздахтан, уæд кизгæ райста гæгъæди, къариндæстæ æма цидæртæ, хузæ кæнун райдæдта. Æз æй, ци косис, зæгъгæ, ку рафарстон, уæд мин равардта дзуапп: «Хуцауи хузæ кæнун...» Æз бадес кодтон: «Æма Хуцау ци хузæн æй,*

## ПОЗДРАВЛЕНИЯ С ПРАЗДНИКОМ

# МИРА ВАМ И БЛАГОСТИ!..



**Сердечно поздравляю жителей Северной Осетии, исповедующих ислам, со светлым праздником Ураза-байрам!**

Завершился священный месяц Рамадан – время строгого поста, молитвы и внутреннего совершенствования, когда каждый правоверный стремится укрепиться духовно, проявить сострадание, доброту и заботу к ближнему. Сегодняшний праздник наполняет души верующих ощущением радости, мира, спокойствия и благодарности.

Пусть будут услышаны Всевышним ваши молитвы, пусть наградит Он вас благополучием и удачей за ваши искреннюю веру, и благие поступки и намерения. От всей души желаю каждой семье мира, счастья, гармонии и благоденствия! С праздником, дорогие друзья!

***Глава Республики Северная Осетия-Алания Сергей МЕНЯЙЛО***



**Дорогие соотечественники!**

Сердечно поздравляю мусульман республики со светлым праздником Ураза-байрам!

Этот день завершает священный месяц Рамадан – время, когда каждый верующий стремится стать лучше, укрепить веру, совершить добрые дела. Он олицетворяет духовную силу и высокие нравственные идеалы, призывает к прощению, милосердию, сохраняет верность традициям предков, напоминает о важности единства и взаимопомощи. И это те непреходящие ценности, которые одинаково близки и понятны всем людям независимо от вероисповедания.

В Осетии мусульмане на протяжении столетий вносят большой вклад в развитие духовного и культурного наследия нашего народа, способствуют укреплению мира и согласия в многонациональной и многоконфессиональной республике.

Дорогие мои земляки! Пусть праздник Ураза-байрам наполнит ваши сердца искренним светом и добром, вдохновит на благие свершения, дарует счастье, мир и благополучие каждому дому, каждой семье!

***Председатель Парламента Республики Северная Осетия-Алания Таймураз ТУСКАЕВ***



**Уважаемые жители Республики Северная Осетия–Алания!**

От имени Совета Духовного управления мусульман Северной Осетии и от себя лично сердечно поздравляю вас с окончанием священного месяца Рамадан и светлым праздником Ураза-байрам!

Этот благословенный месяц утверждает веру и единство, пробуждает чувства милосердия и сострадания, почитания духовных заветов предков.

Пост побуждает к дружбе и созиданию, к доброте и состраданию, к помощи нуждающимся, дает человеку возможность глубоко осмыслить свои поступки, намерения и избрать для себя праведный путь деяний и помыслов. Морально-нравственные ценности равно близки и понятны людям всех традиционных религиозных конфессий, они исторически служат основой мира и согласия.

Рамадан благословен, но скоротечен, как знамение скоротечности нашей жизни. Старайтесь совершить как можно больше добрых дел, улучшить свой нрав и утвердить взаимоуважение. Нам всем будет воздано за каждое благое дело, за каждое благое слово.

Этот благословенный месяц, несомненно, содействует укреплению единства, взаимопонимания и взаимоуважения в нашем обществе.

Я желаю вам крепкой веры, благоденствия, счастья и прекрасного будущего нашим детям.

Молим Всевышнего о мире и согласии в нашей любимой Осетии, на всем Кавказе, во всей России.

Мира, милости и благословения Всевышнего Аллаха каждому из его творений, каждой доброй душе!

***Муфтий Республики Северная Осетия-Алания Хаджимурат ГАЦАЛОВ***

## НÆ ЕУГУРЕМÆН ДÆР ТАБУГОНДÆЙ ÆНХÆСТКÆНУЙНАГ ÆГЪДАУ



# «УÆЛАХЕЗИ ЦÆСГÆНТТÆ»

Уæрæсейаг регионти нæуæгæй рапарахат æй «Уæлахези цæсгæнттæ», зæгъгæ, федералон номерæн проект æнхæст кæнунбæл куст.

Еци арфиаг гъуддаги бæрæг даруй Цæгат Иристони байвæрæн дæр. Уой туххæй фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ.

Пресс-служби минæвари дзубандимæ гæсгæ, Устур Фидибæстон тугъди ка архайдта, кенæ фæскъилдуни фæллойнæгæнæг ка адтæй, еци адæми цардвæндаги тухххæй хабæрттæ æмбурд кæнунцæ Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети. Фæстæдæр еци æрмæгутæ еугурæй дæр лæвæрд æрцæудзæнæнцæ Уæлахези музеймæ (æрбунæттон æй Мæскуй).

Цæгат Иристони цæргутæ зæрдиаг æргом раздахтонцæ амунд акцимæ. Е син еума фадуат дæттуй, цæмæй бæсти еугур цæргутæн дæр рахабар кæнонцæ нæ хестæр фæлтæрти минæвæртти æгæрон бæгъатæрдзийнадæ æма тугъдон



æскъуæлхтдзийнæдти тухххæй. Нæ алке хæдзари дæр ес Устур Фидибæстон тугъди бæгъатæр архайгутæ æма фæскъилдуни фæллойнæгæнгути тухххæй æрмæгутæ æма имисуйнæгтæ. Æма нин аци акци еума фадуат дæттуй, цæмæй еци арфиаг хабæртти тухххæй æрмæгутæ гъæуайгонд æрцæуонцæ айдагъ биййнонти анзфинсти нæ, фал син бунат исуа Уæрæсей сæйраг æфсæддон-историон хæснадонæ – Уæлахези музеи архиви.

Номерæн акци «Уæлахези цæсгæнттæ»-йи архайæг исуни фадуат алкæмæн дæр ес. Уой тухххæй айдагъдæр гъæуй Уæлахези музеййи официалон сайти (дæлпроект «Уæлахези цæсгæнттæ»-йи) регистраци искæнун æма тугъди бæгъатæр, кенæ фæскъилдуни фæллойнæгæнæгæнæги царди хабæрттæ уоми райвæрун. Уой хæццæ, анкети кæрони фæббæрæг кæнун æнгъезуй, айдагъдæр Цæгат Иристони паддзахадон университети бæрнæмæ лæвæрд ке цæуонцæ, уой. Идарддæр еугур историон æрмæгутæн дæр сæ бунат исуодзæнæнцæ Уæлахези музеййи æвæрæнтæ æма экспозицитæ.

Уæлахези музеййи куд радзурдтонцæ, уотемæй бæсти цæргутæ устур цæмæдесдзийнадæ равдистонцæ номерæн акцимæ. Абони уæнгæ бал еуæндæс мин уæрæсейаг биййнонтемæй фулдæр «Уæлахези цæсгæнттæ»-йи электрон экспозицимæ барвистонцæ сæ тугъдонти хабæрттæ. Акций зæрдиагдæр архайгутæ 'нцæ Новосибирск æма Мæскуй облæст, Краснодари край, Мæску æма Цæгат Иристон…

# «БАКÆСЕТÆ СИН СÆ ЦÆСГÆНТТÆМÆ...»

Дзæуæгигъæуи ралæудтæй, «Бакæсетæ син сæ цæсгæнттæмæ», зæгъгæ, акций архайуни барæ райсуни тухххæй курдиæдтæ бадæттуни рæстæг.

Аци акци арæзт æрцудæй æхсæз анзей размæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй. Цитгин Уæлахези бони размæ Устур Фидибæстон тугъди ветеранти къартæ æвæрд æрцæунцæ нæ республики еугур сахартæ æма гъæути, уæдта нæдти фæйнæ фæрсти рекламон уæлцъартæбæл: лæууæн бунæтти, афишитæ æма видеопилонтæбæл.

Аци арфиаг гъуддаги архайуни тухххæй сæрмагонд гæгъæдитæ бадæттæн ес Дзæуæгигъæуи берæкъабазгин центртæмæ:

**Фæстеркка̀г райони:**
Доватори проспект, 8-аг хæдзарæ;



**Цæгат-Нигулæни райони:**
Цоколати Геннадийи гъæунгæ, 5-аг хæдзарæ;

**Промышленнон райони:**
Мичурини гъæунгæ, 67-аг хæдзарæ.

Бæлвурддæр хабæрттæ базонæн ес телефонæй: **8-800-444-62-15.**

Курдиадæ ци адæймаг дæтта, уомæ æ хæццæ гъæуама уа паспорт, уæдта ветерани тухххæй информаци: муггаг, ном, фиди ном; къарæ электрон хузи кенæ ба гæгъæдибæл; амунд уонцæ æ райгурди æма æ рамæлæти æнзтæ; е 'скъуæлхтдзийнæдти хабæрттæ æма, кæд имæ хуæрзеугутæ адтæй, уæд уони байамонун.

Фарæ аци акций ка архайдта, еци граждæнти нæбал гъæуй курдиадæ бадæттун.

**Дессаги зæрдæмæдзæугæ бон бæрæггонд цæуй 20 мартъий – амонди Æхсæндуйнеуон бон. Нæ зæрдæ уин зæгъуй, аци бонæй фæстæмæ амондгунæй-амондгундæр куд кæнайтæ!..**

## РАЙАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГ ГЪÆУАМА АХЕДГÆ МАДЗÆЛТТÆЙ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУА!..


Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# КОНКУРСТÆ АРАЗУН ДÆР БÆРГÆ ГЪÆУЙ, ФАЛ...

Номдзуд французаг финсæг Дени Дидро (1713-1784) кæддæр уотæ ратаус кодта: «А дуйнебæл еунæг уæхæн загъд дæр нæййес, куд загъд адтæй, уотемæй ке балæдæрдтæнцæ, уæдта еунæг уæхæн гъуддаг дæр нæййес, куд конд æрцудæй, уотемæй ке райстонцæ…»

Ка ’й зонуй, æ загъд кæд цæмæйдæрти раст æй, уæддæр æнхæстæй ба æ хæццæ исарази уæн, æвæдзи, нæййес. Зæгъуйнаг ка фæззæгъуй, е уомæн æхецæн лæдæрд фæууй – æ раст си кенæ æцæгæй феруагæс кæнуй, кенæ ба æхе уæхæн лæдæрунгъонæй февдесуй. Иннетæ ’й ке нæ балæдæрунцæ, е ба уой фудæй фæууй, æма, æвæдзи, секкаг син фæууй æ «хуæрзагадæ».

Цæмæ гæсгæ ’й нæ аци дзубанди? Цæветтонгæ, политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й иристойнаг хайади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй æрæги райдæдта «Гъæуккаг постхæссæг-2026», зæгъгæ, ка хуннуй, еци Еугуруæрæсеуон конкурсмæ архайгутæ æвзаруни хай. Мадзал арæзт цæуй «Акционерон æхсæнадæ «Уæрæсей пост»»-и, бæсти бастдзийнади косгути профессион цæдеси, уæдта гъæууон хæдзарадæ æма нимæцон райрæзти министрадти агъазæй æма политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й федералон проект «Уæрæсейаг гъæу»-и фадуатти фæрци.

Конкурси архайуни равгæ ес, дæс æма дууинсæй мин адæймагей уæнгæ кæми цæруй, уæхæн цæрæн бунæтти косæг специалисттæн (аци адæймæгутæ пости хайади гъæуама бакосонцæ тæккæ минкъийдæр анзи дæргъи).

Аци мадзали нисанеуæг æма ахедундзийнади фæдбæл политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й Генералон совети нимæрдар **Владимир Якушев** уотæ зæгъуй:

– Гъæуккаг постхæсгутæ гъæути æнхæст кæнунцæ ахсгиаг куст. Уони фæрци фулдæр хæттити гъæути цæрæг адæмæн иннæ цæрæн бунætти хæццæ фæууй бастдзийнади еунæг фадуат. Нæ конкурси ихæс æй постхæссæги дæсниадæ фæццитгиндæр кæнун, æ ахедундзийнадæн ин аккаг аргъ кæнун, æма гъæути косунмæ æригон специалистти исразæнгард кæнун, нæ адæми æгъдæуттæ æма еудзийнадæ багъæуай кæнгæй…

Конкурс дехгонд æй æртæ хайебæл. 2 апърели уæнгæ ка цæудзæнæй, конкурси еци фиццаг хайии рæстæг æ архайгутæ конкурсæн фадуæттæ исаразæги сайт https\\ земский-почтальон.рф.-мæ барветдзæнæнцæ онлайн курдиæдтæ. 3-24 апърели ка цæудзæнæй, конкурси еци дуккаг хайии рæстæги ба регионалон экспертон къамистæ курдиæдтæн аргъ искæндзæнæнцæ, уæдта кæронбæттæни æркасти архайгути равзардзæнæнцæ. Кæронбæттæн мадзал рацæудзæнæй 26 майи Мæскуй.

Регионалон къамистæ ке равзаронцæ, еци курдиæдти ’хсæн аци анзи 4-25 майи социалон хизæ «ВКонтакте»-йи фарс https\\vk.com\russianpost-и рацæудзæнæй сæрмагонд номинаци «Адæмон постхæссæг»-и æхсæнадон гъæлæскæнуйнадæ.

Фарæ конкурси ке æрæмбурд кодта, еци æртæ мин курдиадемæй экспертон жюри равзурста бæсти 86 регионемæй æрбафтуйæг кæронбæттæни 60 архайæги. Конкурси кæронбæттæн хай рацудæй фарæ 5-6 июни Мæскуй национ центр «Россия»-йи арæзт гъæууон фæллойнæгæнгути Еугуруæрæсеуон фембæлди рæстæг. Цæгат Иристонæй кæронбæттæни архайдта конкурси регионалон хайии уæлахезон – Дигори райони Хъæрман-Синдзигъæуи постхæссæг **Æбити Ритæ**.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, профессион еристæ ахсгиаг æнцæ уæлдайдæр ба абони косгутæ уæлдай хъæбæрдæр кæми нæ фагæ кæнуй, еци къабæзти фæллойнæгæнгути ’хсæн. Арази ан уобæл дæр æма хуæздæр специалистти цитгин кæнун дæр ахсгиаг æй, кæдимайди ба сæ фæнзиуонцæ æригæнттæ, нерæнгæ æ карни надбæл ка нæхстæр кæнуй, етæ дæр.

Фал, махмæ гæсгæ, постхæссæги дæсниадæ дæр зæрдæмæдзæугæдæр æма цитгиндæр кæнунæн ба сæйрагдæр æй, уонæн сæ кусти уæзæ нимайгæй, аккаг мизд син федун, æновудæй имæ куд бæллонцæ, уотæ сæ материалон æгъдауæй разæнгард кæнун. Уой куддæр искæнай, уотæ «Уæрæсей пост»-и разамунд уайтæккæ сæхе æрбамæгуртæ кæнунцæ: «Æхца нæййес…» Кæд æцæгæйдæр уотæ ’й, уæд мадта сæхецæн ба кутемæй исмисан кæнунцæ алæмæтæйалæмæтдæр бæрзонд улупатæ?! Сæ цæсгон куд хуæцуй, уой сæхецæн аккаг кæнун, кæд æма фæстаг рæстæгути «Уæрæсей пост»-и экономикон уавæр, æцæгæйдæр, исæгудзæггомау æй– зæгъæн, фарæ фараст мæйемæ æ кæдзос зæран рауадæй… фараст миллиард соми… Æма, уавæр кæд фæххуæздæр уидæ, зæгъгæ, пости косæндæнттæй хæдзарадон товартæ уæйæгæнæнтæ рауайун кодтонцæ. Хуæздæр нæ уидæ, еци разамунди арæхстгиндæртæй раййевун? Кæдмимайди ба, е хуæздæрæрдæмæ фæббæрæг уидæ постхæссгути кусти хуæрзгъæдæдзийнадæбæл дæр. Нерæнгæ ба е хъæбæр дзурдтаг æй. Уой нæхебæл бæлвурдæй æвзарæн мах дæр, мухури фæрæзнити косгутæ. Адæм газеттæ æма журналтæ рафинсунцæ, фал сæмæ сæ хъæртунгæнæг ба нæййес, нæ, дан, фагæ кæнуй постхæсгутæ. Пости разамундæй уотæ ка рæуæнттæ кæнуй, уони бафæрсуйнаг ан: «Мухури фæрæзнитæ рафинсуни æргътæн сæ зингæдæр хай райсунмæ ку арæхсетæ, уæд уæ комкоммæ ихæс – рафинст газеттæ æма журналтæ сæ рафинсгутæмæ хъæртун кæнунмæ ба цæмæннæ арæхсетæ?..»

Адæм си бæргæ гъаст кæнунцæ, фал сæ игъосæг ба нæййес. Æма си беретæ еци тингунæй фæззæгъунцæ, нецибал рафинсдзинан, уомæн æма уæддæр нæмæ нæ хæссунцæ нæ рафинст мухур.

Нæкæси, аци хабар зундгонд æй политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-йæн дæр. Фал… Æвæдзи, конкурстæ аразун æнцондæр æй, сæ фæрци хе раимонаутæ кæнун дæр. Гъуддаг бæлвурдæй фæррæстмæ кæнунбæл байархайун ба зингомаудæр æй…

Цидæр æй уæддæр, мæнæ ци конкурси койæй райдæдтан нæ дзубанди, уой фæдбæл ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма нæ хъæбæр зæрдиагæй фæндуй, нæ республикæй си ка архайдзæнæй, етæ уæлахезонтæ куд исуонцæ. Хъæбæр æхцæуæн нин уодзæнæй се ’нтæстдзийнадæ.

## ЗУНДИ ХÆЗНА ЗУНДГИН АДÆММÆ АГОРÆ!..



*Номдзуд рагон бердзейнаг зундилæг Эзопи финст æмбесæндтæй еуеми дзубанди цæуй, хуарз æмбæлттæбæл ке нимадтонцæ, уæхæн дууæ лæхъуæней туххæй. Кæддæр етæ надбæл куд цудæнцæ, уотемæй æнай-æнойти сæ размæ фæцæй арс. Лæхъуæнтæй еу уайтæккæ дæр бæласæмæ исбурдæй æма уой цъоппи æхе æрримахста. Иннемæн ба раледзуни фадуат нæ фæцæй æма зæнхæбæл фæддæлгоммæ ’й, æхе мæрдæнгас ракодта. Арс имæ бацудæй, басмуститæ имæ кодта – лæхъуæн æ уолæфт бауорæдта, уомæн æма, дан, еци сирд мæрдтæмæ не ’вналуй.*

*Арс рандæй. Бæласæбæл ка бадтæй, е æрхизтæй æма е ’мбали фæрсуй, арс дин дæ гъоси ци дзурдта, зæгъгæ. Лæг ин равардта дзуапп:*

*– Арс мин загъта: унгæги рæстæг, дан, дæ еунæгæй ка ниуудза, уæхæн æмбæлтти хæццæ балций ма цо...»*

* * *

Аци æмбесонди гъуди – зæрдæдарæн кæбæл ес кенæ ба нæййес, е тæссаг уавæрти рабæрæг уй – æцæг ке ’й, уой мах, Уæрæсей дзиллæ, нæхебæл дæр бавзурстан. Нæ фæрци ка исбайлæгъ æй æма нин сæ хæлардзийнадæй ка сомитæ кодта, етæ, нæ бæстæ еуцæйбæрцæдæр зинтæ æвзарун ку райдæдта, уæд ни фæлледзæги ’нцæ, сауæнгæ ма нæбæл гадзирахаттæй дæр рацудæнцæ – абони нæмæ знаги цæстæй ка кæсуй, уони хъозæнттæ фестадæнцæ... Уогæ уони барæ ес, баруагæс уи уæд, цæйбæрцæдæр рæстæг рацæуудзæнæй, æма сæ еци миутæбæл æрфæсмон кæндзæнæнцæ... Сæйрагдæр ба ’й – цума, амæй фæстæмæ фæззундгиндæр уодзинан? Æцæг, æууæндун кæбæл æнгъезуй, уæхæн лимæнтæ æма æмдзæуинтæ ’взарунмæ...



**Омар ХАЙЯМ, рагон персайнаг поэт: «Хуæрзеуæгæй фудимелæ куд не ’нтæсуй, уотæ фудимелæй дæр хуæрзеуæг нæ рантæсдзæнæй. Уони æртасунæн нин адæймагон цæстингас лæвæрд æй...»**

* * *

Еци цæстингас хуæрзеуæг æма фудимелæ ’ртасунмæ куд арæхсуй, уотæ ма дзилли уодигъæдæ ку арæхсидæ хуæрзеуæги цитгиндзийнадæмæ гæсгæ сæ цардиуагæ арæзунмæ æма фудимелæ ба кунæг кæнунмæ, уæд цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæдæр уиуонцæ нæ карни еугур хабæрттæ дæр. Фал...



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæймагмæ хуарз цæстæй ку нæ кæсай, уæд царди дæ ахсгиагдæр ихæс не ’нхæст кæнис...»**

* * *

Аци зундгин загъд бæргæ ку фегъосиуонцæ нæ нури хецаудзийнади бæрзонди бадгутæ, уæд сæмæ, ка ’й зонуй, багъаридæ: сæ ахсгиагдæр ихæс æй адæми хуарздзийнади сæрбæлтау архайун. Уогæ ’й, æвæдзи, зонгæ дæр кæнунцæ, фал – сæ миутæмæ гæсгæ – сæ гъуди æй еугур гæнæнтæй дæр айдагъдæр сæхе хуарзæн пайда кæнунбæл.



**Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), финсæг: «Адæймаги медæгæ сæйрагдæр зунд нæй, фал – уодиконд, зæрдæ, характет кемæнтæ, раздзæуæг гъудитæ...»**

* * *

Еугур еци менеугутæй хайгин бæргæ ку уиуонцæ, абони нæ цардиуаги хабæрттæ кæмæй арæзгæ ’нцæ, етæ. Сæ дзубандитæй зундгинти хузæн бæргæ фæззиннунцæ, фал сæмæ сæ миутæмæ гæсгæ ба зæрдерухсдзийнадæй æгириддæр неци ес, уæдта сæ, æвæдзи, е уойæсæбæл гъæугæ дæр нæ кæнуй – хъæргæнæг син æй – сæ сагъæс айдагъдæр сæхе гъуддæгутæ арæзунбæл æй...

**Геуæргибони, 24 мартъий бæрæггонд цæудзæнæнцæ рæугути незы нихмæ тохи Еугурдунеуон бон, фтизиатри (аци медицинон къабази архайæг дохтири) Бон, æрхæндæги нихмæ тохи Æхсæндуйнеуон бон.**

*Иван ИЛЬИН (1883-1954), философ: «Æцæг патриот æхе нæуинæг нæ искæнуй иннæ адæмти уодварни хæзнатæмæ, фал фæййархайуй уони базонунбæл, балæдæрунбæл, цæмæй сæмæ æхе адæми дæр æркæсун кæна. Цæмæй еци хæзнатæй фæгъгъæздугдæр кæна æхе адæми цард, æфтауæн ин бакæна æ исфæлдистадон архайдмæ...»*



Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ÆРДХУАРДДЗИЙНАДÆ



***Æрдхуарддзийнадæ нæ адæммæ цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди адтæй, уой фæдбæл нæмæ нæ фидтæлтæй байзадæй хъæбæр берæ таурæхътæ, уæдта царди æцæгæй ка 'рцудæй, уæхæн цаутæ æма хабæрттæ. Уонæй берети кой ракæнун бæргæ хуарз уидæ абони, фал нин уæхæн равгæ нæ гæнæнтæмæ гæсгæ нæййес, æма уæ уæддæр зонгæ кæнæн зундгонд ахургонд, филологон наукити кандидат АГЪНАТИ Æхсарæ (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) кæддæр ци æрмæг бацæттæ кодта, уой хæццæ.***

Рагæй дæр нæ адæммæ хъæбæр цитгин адтæй æрдхуарддзийнади æгъдау. Биццеу æ лæхъуæни карæмæ ку бахъæртидæ, уæд е 'мгæртти астæу агурдта, æхецæн æрдхуард кæмæй загъдтайдæ, уæхæн адæймаг.

Æхецæн æрдхуард иссерунмæ хъæбæрдæр бæлдтæнцæ æма еци гъуддаг исаразунбæл уæлдай зæрдиагæй архайдтонцæ, æнсувæртæ кæмæн нæ адтæй, уæхæн лæхъуæнтæ. Мадта бийнонтæ сæхуæдтæ дæр сæ еунæг фурти еци гъуддагмæ разæнгард кодтонцæ.

Æма лæхъуæн æхецæн лимæн ку иссеридæ, царди медæгæ ин уодзæнæй зæрдтаг, зæгъгæ, е ку исбæлвурд уидæ, уæд дууæ бийнонти дæр, сæ гæнæнтæ куд амониуонцæ, уомæ гæсгæ искæниуонцæ гъæугувдтитæ. Сæ нæуæг æрдхуардæй сæрустур уиуонцæ айдагъ бийнонтæ нæ, фал æнæгъæнæ муггаг дæр.

Хуæнхаг æгудзæг царди социалон фæззинд æрдхуарди ахедундзийнадæбæл нæ дзордзинан. Уой нæ этнографти барæ уадзæн. Зæгъун мæ фæндуй уой, æма еци тухст дзаманти дæр нæ адæм сæ дзурд некæд сайдтонцæ, дзурд ку раттиуонцæ, уæд, цийфæнди зин ку адтайдæ, уæддæр æй æнæмæнгæ æнхæст кодтонцæ лæгигъæдгунæй. Уæхæн фæткæ уæди рæстæгути дессаг некæмæ кастæй, уомæн æма алкæмæндæр лæдæрд адтæй, гъæуама уотæ ке уа, е.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уæди рæстæгути нæ адæм æрдхуæрдтæ айдагъ сæхе медастæуæй нæ кодтонцæ. Ахид син уидæ æрдхуæрдтæ æндæр кавказаг адæмтæй дæр, фал тæккæ лимæндæр ба адтæнцæ уруссæгти хæццæ.

Берæ историон цаутæ æримисæн æма берæ аллихузон хабæрттæ ракæнæн ес еци æрдхуарддзийнади фæдбæл, сæ еугурей еу уаци ранимайунæн фадуат кæми ес, уомæ гæсгæ ба æрхæсдзинан, уæди рæстæгути кавказаг адæмти цардиуаги фарстатæмæ лæмбунæг ка 'ркастæй æма сæ фæффинста, еци номдзуд ахургæндтæй еуей æвдесæнтæ.

Кавкази тугъди рæстæги уруси æфсади службæ кодта афицерæй немуцаг ахургонд Штедер. Берæ фæцæй Кавкази, адтæй Иристони кæмтти дæр. Ци уидта æма ци игъуста, уони финста æ бонуги. Еци бонуг ниммухур кодта немуцаг æвзагбæл 1781 анзи Лейпциги. Ирон царди æууæлти туххæй си берæ хуарз æрмæг ес. Мах си райсдзинан уæхæн цаутæ.

Кавкази тугъди рæстæги уруси æфсадæй лигъдæнцæ мæгур æнæбарæ æфсæддонтæ Иристони кæмттæмæ æма римахстонцæ сæхе ами цæрæг адæми хæдзæртти. Штедерæн ихæсгонд адтæй еци лигъд æфсæддонти æрæмбурд кæнун æма сæ фæстæмæ Уæрæсемæ ракæнун. Уомæ гæсгæ Штедер зилдæй кæмтти æма гъæути. Куд финсуй, уотемæй, дан, ирæнттæй неке исгъæр кодта, лигъд уруссаг æфсæддонтæ имæ ке ес, уой. Дессаг, дан, мæмæ е фæккастæй, æма уруссаг æфсæддонтæ ирон хæдзæртти цардæнцæ хе бийнонти хузæн, косун, дан, сæ æгириддæр нæ кодтонцæ. Ракодтонцæ си уæддæр цалдæр æфсæддони. Æма кæмæ адтæнцæ, еци ирон лæгтæ сæ фæдбæл цудæнцæ коми думæгмæ, курдтонцæ, цæмæй сæ афицер ма бафхуæра. Уотæ æновуд адтæнцæ урусбæл.

Æуyæндундзийнадæ æма дзурд æнхæст кæнун куд кадгин адтæнцæ мах адæми 'хсæн, уой туххæй зæрдиагæй финсуй Штедер.

– Дигори ку адтæн, уæд гъæди фæдздзæгъæл дæн. Æрталингæ 'й. Еу рауæн пихсити рауидтон цидæр рохс æма мæхе уордæмæ исаразтон. Хæстæг ку бацудтæн, уæд кæсун, æма арти алливарс цидæр лæгтæ бадунцæ нимæтти. Ку мæ рауидтонцæ, уæд фæггæппитæ кодтонцæ. Сæ тохæнгæрзтæмæ фæллæбурдтонцæ, уотемæй цæйбæрцæдæр рæстæг фæллæудтæнцæ.

Æвæдзи, мæн хузæн æнай-æнойти иуазæг сæмæ фæззиндзæнæй, уой æнгъæл нæ адтæнцæ, æма уомæ гæсгæ ба мæ бацудæй фæттарстæнцæ. Æз ку нæбал æзмалдтæн, ку неци дзурдтон, уæд етæ дæр æрсабур æнцæ. Ракæститæ кодтонцæ сæ алливæрсти æма, мæнæй æндæр си ку неке адтæй, уæд мæбæл бауyæндтæнцæ, фудгæнæг ке нæ дæн, уобæл. Се 'взаг син хуарз кæми зудтон, фал син куддæртæй балæдæрун кодтон, зæгъун, фæдздзæгъæл дæн æма æнæгъæнæ бон стонг дæн.

Кæбæл исцурæвæрæ дæн, уонæй еу лæг, куд æй балæдæрдтæн, уотемæй сæ хестæр, æ фарсмæ мæ 'рбадун кодта, кæстæртæ уайтæккæ фингæ ракодтонцæ æма нин байеудагъ æй дæргъвæтийнæ дзубанди. Мæ фусунтæн сæ гæнæнтæ кæд бустæги цубур адтæнцæ, уæддæр устур ездондзийнадæ равдистонцæ æнæнгъæлæги иуазæги бабоц кæнунæн. Уотемæй ба адтæнцæ абæргутæ. Сæ хестæр адтæй зундгонд дигорон абæрег Бекба.

Бекба бауyæндтæй Штедербæл, дзурд ин равардта балимæн кæнуни фæдбæл. Уой фæсте Бекба æ абæргути хæццæ, æ лимæн Штедери курдиадæмæ гæсгæ, бацудæй уруссаг æфсадмæ службæ кæнунмæ. Æ ихæстæ, дан, хъæбæр хуарз æнхæст кодта еци Бекба, æстауй æй æ финстити Штедер.

Ирон адæм уруси хæццæ лимæнæй ке цардæнцæ, уомæн берæ æвдесæндартæ ес. Радзордзинан ма мæнæ ауæхæн историон цаути фæдбæл. 1774 анзи Иристон байеу æй Уæрæсей хæццæ. Уæрæсей хецауадæ равардта ирон адæмæн хуæнхти цъæстæй будурмæ раледзуни барæ. Хуæнхбæстæй раледзæг адæм будурти аразун райдæдтонцæ сæ гъæутæ уруссаг хуторти кенæ хъазахъаг станицити фарсмæ.

Мæздæг адтæй уруссаг федар æма æ алливарс ирæнттæ исаразтонцæ гъæутæ: Черноярское, Ново-Осетинское, Большое Осетинское, Ос-Богатырь, Бугулов, Хестанов, Джигкаев æма æндæртæ. Уæхæн гъæутæ арæзт æрцудæнцæ æндæр рауæнти дæр. Ами зæгъун гъæуй уой, æма будурмæ раледзæг дзиллитæ райдæдтонцæ сæхецæн лимæнтæ кæнун, ци хъазахъ æма уруси фарсмæ æрцардæнцæ, уони хæццæ.

Еуæй-еуетæ, сæ уруссæг зонгити лимæнтæбæл ке нимадтонцæ, уомæ гæсгæ сæ цæуæтбæл æвардтонцæ уруссаг нæмттæ, уæдта сæ хигъди финстонцæ уруссаг муггагæй. Уотемæй Мæздæги фалдзос рауæнти æрцæрæг дигорæнтти æма ирæнтти æхсæн фæззиндтæй уруссаг муггæгтæ: Иванов, Чернышов, Насонов, Никифоров, Сидоров, уæдта хъазахъаг муггæгтæ: Василенко, Николенко, Сидоренко æма æндæртæ.

Лабæмæ (гъæу Хъæрæсей) ци ирæнттæ фæллигъдæнцæ, уонæй Черчестæ сæхе ниффинстонцæ куд Черкесовтæ, Чехойтæ – Чеховтæ. Разиндзæнæй ма æндæр уруссаг муггæгтæ дæр иристойнаг адæммæ, фал уонæбæл нæбал дзордзинан, уомæн æма е, сæрмагондæй æрдзорун кæбæл гъæуй, уæхæн фарста æй.

Аллихузон адæмихæттити минæвæртти 'хсæн кæрæдземæн æрдхуард зæгъуни æгъдау хъæбæрдæр рапарахат æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæги. Иристойнаг тугъдон лæхъуæнтæ, фашистти нихмæ тох кæнгæй, устур таси уогæй, сæхецæн акъоппити æмбæлттæ кодтонцæ се 'мтохгæнæг æфсæддонтæй, кæцитæ адтæнцæ нæ бæсти адæмти мимнæвæрттæ. Кæрæдземæн ардбахуæрди дзурд дæтгæй, етæ тугъди будури æвдистонцæ кæрæдзебæл æновуддзийнадæ, еумæйаг устур бæгъатæрдзийнадæ.

Æрдхуарддзийнадæ тугъдон фæззинд ке 'й, уомæн берæ æвдесæнтæ ес. Советон ахургонд Э.А. Грантовский финсуй, зæгъгæ, ирон адæммæ æрдхуард кæнуни фæткæ æрхъæрттæй скифти цардæй. Æвæдзи, аци гъуди раст æй.

Скифти истори лæмбунæг ниффинста æ недзаманайнаг бердзейнаг историк Геродот. Е куд финсуй, уотемæй скифтæ тугъдон адæм адтæнцæ, соми, дан, кодтонцæ сæ фидтæлти цирти тæ æма тохæнгæрзтæй. Бæлвурдæй финсуй скифти æрдхуард кæнуни æгъдаубæл.

Скифтæмæ мах нуриккон адæмæй никки тухгиндæр адтæй æрдхуард кæнуни æгъдау. Уой кой райгъустæй сауæнгæ идард бæститæмæ дæр, таурæхъти æма æмбесæндти хузи æй дзурдтонцæ Бердзенистон æма Роми паддзахæдти галауанти. Рагон бердзейнаг финсæг-сатирик Лукиан Сирийаг (сахар Самосантæй рацæуæг) II æноси (нæуæг нимадæй) ниффинста скифти æрдхуард кæнуни æгъдауи фæдбæл сæрмагонд уадзимис «Токсарис или дружба». Уруссаг æвзагмæ тæлмацæй æй ниммухур кодта академик В.В. Латышев. (Кæддæр мах газети дæр мухургонд æрцудæй дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй – Ред.). Раст зæгъун гъæуй, Лукиани новелли берæ æримисгæ хабæрттæ ес, фал уæддæр æ бундор ба æцæг æй – уæди фæткитæмæ гæсгæ «варварти» цард æмбесонди хузи æвдистонцæ.

Зундгонд ромаг поэт Публий Овидий Назон хуарз зудта сарматти, се 'хсæн фæццардæй. Æма е куд финсуй, уотемæй сарматаг зæронд лæгтæй берæ фегъуста рагон таурæхътæ æма æмбесæндтæ сарматти цардбæл. Æхе цæститæй син фæууидта сæ цард æма финсуй, зæгъгæ, кæд мæгур варвартæ адтæнцæ, уæддæр сæмæ бæрзонд æвæрд адтæй ездондзийнадæ. Сæрустур адтæнцæ сæ кæнгæ æнсувæртæй, æнхæст кодтонцæ сæ дзурд.

Советон ахургонд А.М. Хазанов куд рартаста, уотемæй скифтæ æма сарматтæмæ æрдхуардæн адтæй сæрмагонд идауæг, хъæмайæн сæмæ Арес куд адтæй, уотæ.

Æрдхуард арæзт æй дууæ дзурдемæй – *ард* æма *хуæрун-æй*. Мевдесæг хуæрун ци амонуй, уой алкедæр хуарз зонуй. Нæ дзурдуати *ард* æй хецæн дзурдæй дæр, амонуй: *клятва, присяга*. Нуртæккæ аци дзурд ахиддæр æмбæлуй дзурдбæстити. Зæгъæн: *Нарт сæ Уацамонгæй хуардтонцæ ард; ард дин хуæрун аци зæнхæй, соми кæнун бæрзонд цъæх арвæй.*

*Ард* дигоронау игъусуй *арт*. Профессор Абайти Васо куд зæгъуй, уотемæй ирон æма дигорон дзурди хузтæ рацудæнцæ рагон ирайнаг *арта* – кенæ – *рта*-йæй. *Арта*-йæн рагон ирайнаг æвзæгти фулдæр ахедундзийнадæ адтæй. Еци гъуддаг æвдесунцæ нæ маддæлон æвзаги мæнæ ауæхæн дзурдбæститæ: *Хуцауи ард, адæми ард, ард ди бацæуæд, ард дæ баййафæд, ард дæ фæдбæл æфтуд æрцæуæд æма æндæртæ.*

Куд уинæн, уотемæй еуæй-еу дзурдбæстити ардæн ес бафауйнаг нисанеуæг. Цæмæн уотæ 'й, е бæрæг нæма 'й.

Скифтæ, сарматтæ æма алантæ ардæн ке кувтонцæ, е бæрæг æй сæ сахари номæй дæр. Хъирими сахар Феодосий кæддæр алантæ худтонцæ Артабда, нур æй зæгъианæ куд авд арди. Алантæ, æвæдзи, еу ардмæ нæ кувдтонцæ, фал авдемæ.

Рагон ирайнаг адæммæ дзурд *ард* (дигоронау – *арт*) кадгин ке адтæй, уой æвдесунцæ, ци адæймæгути нæмттæ сæмæ байзадæй, етæ: *Артахшатра, Артафарн, Артабан, Артавазд, Артапат æма æндæртæ.*

Берæ зундгонд ахургæндтæ архайдтонцæ дзурд *ард (арт)* рартасунбæл. Рагон ирайнаг æвзаги æ медес адтæй «священный», авести ба ин ес цидæр уæларвон медес – «благодать».

Ирон æвзаги дзурд *ард* мевдесæг дзурд хуæруни хæццæ баст цæмæн æй, е зин зæгъæн æй. Уотæ ку фæззæгъунцæ, дæ незтæ дин хуæрун, гъома, цæмæй дæ незтæ фесæфонцæ, зæгъгæ, уæд уой балæдæрун æнгъезуй, фал ард ба куд ес хуæрæн? Еци фарста нерæнгæ дæр ма лæууй ахургæндти размæ.



# И ПУСТЬ В ДОМАХ И СЕРДЦАХ ВАШИХ







# ВОЦАРЯТСЯ БЛАГОСТЬ И СЧАСТЬЕ!..

## МУСУЛЬМАНСКИЙ ПРАЗДНИК УРАЗА-БАЙРАМ: ИСТОРИЯ И ТРАДИЦИИ

После завершения священного месяца Рамадан наступает один из двух крупных праздников ислама, называемый праздником разговения Ид уль-Фитр (тюрк. Ураза-байрам, Рамадан-байрам).

Окончание месячного поста — Рамадана — в исламском мире знаменуется Днем разговения или Ураза-байрам (в арабских странах более употребим название Ид аль-Фитр). Этот день так же является первым днем нового — десятого по лунному исламскому календарю — месяца Шавваль. Его так же нередко называют «эль-мукрем», что в переводе означает щедрый. Хотя и этот месяц содержит небольшой (и не обязательный) шестидневный пост. Считается, что тот, кто выдержал и его в дополнение к посту в Рамадан, совершил благое дело, равносильное целому году ежедневного поста.

Праздник Ураза-байрам значим в мусульманском мире еще и потому, что от него исчисляется дата самого главного исламского праздника — Курбан-байрама. Он отмечается ровно на 70 день после разговения в 10 день лунного месяца Зуль-хиджа. Поэтому Ураза-байрам именуется также малым праздником, аналогично Курбан-байрам — большим праздником или праздником жертвоприношения.

Традиционно Ураза-байрам отмечается 3 календарных дня. Так как дата этого праздника плавающая (лунный исламский календарь и традиционный Григорианский, по которому живем мы не совпадают), то ежегодно она приходится на разные числа.

Ураза-байрам — один из главнейших и значимых для каждого мусульманина праздников (можно вполне провести аналогию и сравнить по важности Ураза-байрам с христианским Рождеством). Недаром традиция празднования Ураза-байрама восходит еще к временам пророка Мухаммеда — по дошедшей до нас информации День разговения отмечается с 624 года.

Это чистый и святой праздник, а потому мусульманин должен встретить его соответствующим образом — в самой лучшей праздничной одежде, с обязательными молитвами и соблюдением всех ритуалов.

С вечера женщины начинают готовить традиционные кушанья, которые дети и младшие родственники разносят по гостям. В то же время близкие и родные тоже присылают угощения. Такой обычай обмена едой носит название «чтобы в доме был запах пищи».

Традиционно праздник Ураза-байрам начинается с рассветом. Все стремятся встать пораньше, чтобы успеть совершить ритуальное омовение, одеться в праздничные одежды, намазать тело благовониями. В этот день принято приветствовать друг друга особенным образом, желая милости Аллаха и благодатных молитв. Кстати, утренняя праздничная молитва — непременный атрибут Ураза-байрама.

В первый день праздника произносится много общих молитв. Обычно их читают в мечети или на специально отведенных для этого площадках. Молитву предваряет рассказ об истории и корнях праздника.

Закятуль фитр – это особая плата (милостыня) за то, чем владеет человек свыше того, что необходимо для жизни. Милостыню выплачивает старший в семье, причем не только за себя, но и за других членов семьи (или рода), а также за слуг, если таковые имеются. Назначение этой милостыни — обеспечение нужд нищих, которым она передается непосредственно или через исламские фонды взаимопомощи.

После окончания молитвы, следуют многочисленные взаимные поздравления и обильная трапеза.

Для каждого верующего праздник Ураза-байрам — это причастность к общей радости единоверцев и хорошая возможность для пополнения духовного опыта. Праздник разговения для мусульманина — это, в первую очередь, прощание с благословенными днями месяца Рамадан, когда для каждого мусульманина предоставлялась хорошая возможность вырасти духовно, усмирить страсти посредством соблюдения поста, большего стремления к благочестию, оказания помощь нуждающимся.

## КАК ОТМЕЧАЕТСЯ ПРАЗДНИК УРАЗА-БАЙРАМ?

Празднование разговения приходится на завершение великого поста Рамадан. Начало праздника Ураза-байрам приходится на первый день следующего за Рамаданом месяца. Празднование длится в течении трех дней.

Праздник мусульман Ураза-байрам: как к нему готовятся?

Вечером каждая хозяйка начинает приготовления блюд восточной кухни. Потом детки разносят эти угощения своим родственникам и получают взамен другие вкусности. Такая традиция носит название «чтобы в доме пахло едой».

Перед началом праздника Ураза-байрам каждая семья старается закупить продукты, подарки для родственников и украсить дом. Кроме подготовки непосредственно к празднованию, в каждой семье принято заблаговременно откладывать деньги для милостыни. Эти средства необходимы для пожертвований, чтобы бедные тоже могли подготовиться к празднику.

В праздновании исламского праздника Ураза-байрам есть несколько ритуалов, которые должен соблюдать каждый мусульманин. К примеру, ранним утром необходимо встать и совершить омовение. Затем надевают чистую праздничную одежду и пользуются благовониями.

Очень важно проявлять уважение и быть приветливым со всеми в этот день. Каждый при встрече произносит слова пожеланий: "Да примет Аллах от нас и от вас!". Утром важно поесть немного фиников или сладкого, чтобы потом можно было спокойно дождаться чтения праздничной молитвы.

Праздник Ураза-байрам имеет свои традиции, которые чтут в каждой семье.

Достаток которого превышает необходимый для существования минимум, обязан заплатить особую милостыню. Платит он ее за себя, жену с детьми и даже прислугу. В первый день совершаются общие молитвы.

Милостыню передают нуждающимся через специальные организации или напрямую. После этого ритуала начинаются совместные молитвы с последующим празднованием и пожеланиями счастья.

### АВТОРИТЕТНОЕ МНЕНИЕ



**Рамазан Абдулатипов, доктор философских наук, государственный деятель:**

– Вера в Бога, Аллаха для истинного гражданина России неотделима от любви к своему Отечеству. Религии разные – Бог един, вера разная – родина одна. Любая из религий в России призвана решать общую задачу – обустройство нашего общего дома, нашей души. Бог, природа, народы, культуры создали нас разными и разместили в ходе длительного исторического выбора своей судьбы, благополучия и перспектив развития в единой России. И не для конфликта, а для того чтобы сделать нашу жизнь красивой, многообразной и богатой. Важно это понять и суметь распорядиться разумно и добропорядочно богатством многообразия религий и культур России…



***ГОНКУР Эдмон (1822-1896) æма Жюль (1830-1870), францусаг финсгутæ: «Æхсæнадæ нæ уодæнсуй, æхецæй уæлдæр ка исхезуй, намусгиндæр ка фæууй, уонæн, æфхуæрун сæ райдайуй. Хуæдхуз уодигъæдæ кæмæн ес, разагъди лæг ка ’й, æ дзурдбæл федар ка лæууй, уæхæн адæймагæн æ размæ алкæддæр æвæрд цæунцæ цæлхдортæ, алкедæр имæ кæсуй лæкъун цæстæй, фæддарунцæ имæ***


ТÆКЪОТИ Дзандар Киристонгъæуи (дуккаг рæнгъи галеуæрдигæй æртиккаг) æ хеуæнттæ æма æмгъæуккæгти хæццæ.

# ÆРДЗИ ХÆЗНАТÆЙ ФАРНÆ ХАСТА АДÆМÆН!..



**ТЕПСИХЪОТИ Зойæ** (1938-2008),
журналист

***Берæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй Дзандари къохи нефти æвæрæнтæ раргом кæнуни гъуддаги айдагъ нæхе бæстинæ, фал ма фæсарæйнаг бæститидæр. Сирийæгтæ Дзандари худтонцæ «Сирий нефти промышленности фидæ». Арфиаг си адтæнцæ Иракиæма Куби дæр, сæ национ промышленности ирæзтмæ син æ фæллойни хай ке бахаста, уой туххæй.***

Æрвист æрцудæй Кузьминовски промыслитæмæ. Райдæдта косун Тæкъоти æригон инженер мастери агъазгæнæгæй, Ишимбаевойæй æхсæз километри идарддæр. Уайтæккæдæр коллективи æ бунат иссирдта, бауарзтонцæ ’й æнсувæри хузæн, уомæн æма æхуæдæг дæр æмбалуарзон, хæларзæрдæ адтæй. Æ нæуæг бунати сабур æма игъæлдзæг цард берæ нæ рахаста. Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Иристойнаг лæг æ сæрмæ кæд хаста тугъдæй æхе баримæхсун? Бацудæй тугъдон комиссарадæмæ æ курдиади хæццæ. Уоми баййафта трести хецауи дæр. Дзандари курдиадæ ку рауидта, уæд имæ дзоруй:

– Барвæндонæй тугъдмæ цæуис?

– Гъо, барвæндонæй, – дзуапп равардта Дзандар.

– Кæми ахур кодтай? – мæстгун фарст æй ракодта хецау.

– Бакуй...

– Æма дæ цæбæл ахур кодтонцæ?

– Нефть амал кæнунбæл, Райгурæн бæстæ уарзунбæл...

– Æма дин уæд нæ дзурдтонцæ, æнæ нефтæй Райгурæн бæстæ багъæуай кæнæн ке нæййес, уой, – гъæрæй дзурдта хецау, – хуæдтæхгутæ, танкитæ æнæ артагæй куд фæууæлахез уодзæнæнцæ знагбæл. Мæнмæ аци бон Мæскуй адæмон комиссарадæй дзурдтонцæ, нефти куст ка кæнуй, цæмæй уони тугъдмæ ма рауадзон.

*(Кæрон.
Райдайæн 9-аг номери.)*

### АГЪАЗИАУ АДТÆЙ Æ ФÆЛЛОЙНÆ УÆЛАХЕЗИ СÆРБÆЛТАУ

Дзандар раздахтæй æ кусти бунатмæ æма, æ дустæ арфдæр бахатгæй, æрлæудтæй нефтцъирæнти уæлгъос. Цудæй æверхъау тугъд Райгурæн бæсти зæнхæбæл. Трести хецау æхсæвæй-бонмæ разелæ-базелæ кодта нефти кустуæттæбæл. Мæстгунхузæй фæззиннидæ Дзандар кæми куста, еци промыслити дæр æма æ баргин гъæлæс райгъусидæ:

– Мæску нефть агоруй, адæмон комиссар Уфамæ нæбал дзоруй, фал махмæ, Ишимбаевомæ...

Знаг лæбурдта размæ, сугъта нин нæ сахартæ æма гъæутæ, мардта æвуд адæми, уæлдай хъæбæрдæр ба бæлдтæй нефти кустуæттæ æхердигæй фæккæнунмæ.

– Тугъди райдайæни немуц Мæскуй бунмæ ку бахъæрдтæнцæ, – дзурдта Дзандар, – уæд Гитлер сæрустурæй загъта Германи Уæрæсейæн æ кавказаг нефть ку байса, уæд тагъд фæууæлахез уодзинан. Æма Гитлер æ бицъинæг æскъудта Краснодари край, Грозна æма Баку тагъддæр байахæссунбæл. Фашисттæн сæ тугъдон фулдæр хай арæзт æрцудæй Майкоп æма Малгобекмæ. Кавказаг нефть знагæй багъæуай кæнуни туххæй ци мадзæлттæ аразта советон хецауадæ, уой туххæй мин фæстæдæр мæ хуарз хæлар Н.К. Байбаков (тугъди рæстæги е нисангонд æрцудæй ССР Цæдеси нефти промышленности адæмон комиссарæй) дзурдта, зæгъгæ, дан, мæмæ И.В.Сталин æхемæ фæдздзурдта æма мин карзæй загъта, куддæр, дан, немуц Майкоп æма Малгобек байахæссонцæ æма еци районти нефтæй еунæг æртæхæй дæр нæ нихмæ куддæр испайда кæнонцæ, уотæ (Сталин æ рахес къохи æнгулдзитæй æ сæри рахес фарсмæ райамудта) Байбаковæн æ сæри рахес фарсбæл фæуууодзæнæй нæмуг. Немуц Майкоп æма Малгобек ку нæ райсонцæ, фал нефтцъирæнтæ уотæ ку исæхгæнайтæ æма си уой фæсте нефть исесун нæ къохи ку нæбал бафтуйа, уæддæр (Сталин нур ба æ галеу къохи æнгулдзитæй æ сæри галеу фарсмæ райамудта) дæ сæри галеу фарсбæл фæуууодзæнæй нæмуг, зæгъгæ.

Еци бæнтти, цæмæй кавказаг нефти æвæрæнтæ гъæуайгонд æрцæуонцæ знагæй, уой туххæй Паддзахадон Гъæуайкæнуйнади Комитети унаффæмæ гæсгæ Мæскуй, Майкопи, Малгобеки нефти кусти зундгонд специалисттæй, Медгъуддæгути министради рæмодзæг косгутæй æма чекисттæй арæзт æрцудæй сæрмагонд къуар, æ сæргъи ССР Цæдеси нефти промышленности адæмон комиссар Н. К. Байбаков, уотемæй.

Къуари иуонгтæ сæ гъос дардтонцæ тугъдон уавæрмæ. Куддæр балæдæрдтæнцæ, Майкоп æма Малгобекмæ знаги нимпурст бауорамун сæ къохи нæ бафтуйдзæнæй, уотæ нефтцъирæнтæ ихалунмæ бавналдтонцæ æма син сæ арæзтадон æрмæг, нефткосæг бригæдти æд бийнонтæ рарвистонцæ Скæсæнмæ. Берæ рæстæг нæ рацудæй, уотæ фашисттæ байахæстонцæ Майкоп æма Малгобек. Сæ зæрди адтæй уоми исаразун концерн «Немуцаг нефть Кавкази», зæгъгæ, уæхæн номи хæццæ. Фал сæ фæндæ фæссикк æй, цуппар мæйей фæсте немуц уордæгæй сурд æрцудæнцæ æма сæ къохи нæ бафтудæй Кавкази нефтæй испайда кæнун. Скæсæнæй здæхт цудæнцæ арæзтадон æрмæг, косгутæ æд бийнонтæ æма уайтæккæ дæр нæуæгæй райдæдтонцæ тугъдæн нефть дæттуни куститæ...

Гъо, Дзандар æвæллайгæ куст кодта уæлахези сæрбæлтау. Байархайун гъудæй, цæмæй зæнхи бунæй нефть тухгин фонтанæй истона. Æригон инженер ци компрессори хæццæ архайдта, е адтæй америкаг, бæрзонд, æ паспортмæ гæсгæ адтæй зæронд. 60 атмосфери фæсте мотор сурхзинг фестадæй æма куст размæ нæ цудæй. Дзандар федарæй загъта, гъæуама «зæронд» америкаг компрессорæн ести мадзалæй раттун кæнон нефть порцигай, гъома, раулæфун æй кæндзæнæн, зæгъгæ.

Еууæхæни æхсæвæ рацудæй нефтцъирæнтæмæ. Æркосун кодта компрессор. Кæсуй манометри амонæн фатæгмæ. Атмосферæ 60-мæ ку исхъæрдтæй, уæд мотор сурхзинг фестадæй æма ’й бауорæдта, атмосфери æлхъивдадæ бал рахгæдта, фæстауæрци мæмæ уодзæнæй, зæгъгæ. Мотор ку æруазал æй, уæдта бабæй æй нæуæгæй искосун кодта. Амонæн фат сабургай хæрдмæ цæуй. Исхъæрдтæй 70 атмосфери уæнгæ. Мотор бабæй ку иссурх зинг æй, уæд æй бауолæфун кодта. Уотемæй мотор порцигай косун кæнгæй, амонæн фатæг исхъæрдтæй 73 атмосфери уæнгæ. Æнгъæл куд нæ адтæй Дзандар, уотæ рауадæй гъуддаг. Нефть фонтанæй ниццавта. Кæд æхсæвæ æнафонæ адтæй, уæддæр, еци цийни хабар трести хецауæн фегъосун кæнон, зæгъгæ, æма имæ телефонæй бадзурдта:

– Нефть рацудæй, фонтанæй цæвуй!

– Цæйбæрцæ æй нефтцъирæни æлхъивдадæ? – цæмæдес фарст ракодта хецау.

– 73 атмосфери, – дзуапп равардта Дзандар.

– Арфæ дин кæнун, нур тугъдæн нæ бон æй нефть æнæкъулумпийæй дæттун,– игъустæй хæтæлæй хецауи цийнæйдзаг гъæлæс.

Промыслити косгутæй берети æруагæс дæр нæ кодта, уæхæн æнтæстдзийнадæ сæ къохи ескæд бафтуйдзæнæй æма сæ ихæс æнхæст кæнун райдайдзæнæнцæ, е.

Рацудæй цæйбæрцæдæр рæстæг. Еу бон Дзандармæ фæдздзурдтонцæ трестмæ æма ин загътонцæ:

– Хуарз бафудæбон кодтай Кузьминовски нефти æвæрæнтæ раргом кæнунбæл. Нур ба басгарун гъæуй Туймазай зæнхи æрфитæ академик Губкини амунддзийнадæмæ гæсгæ.

Дзандар исарази æй. Æцæгæй Губкини гъудимæ гæсгæ зæнхæ басгарун къохи ку бафтуйа, уæд си нефть разиндзæнæй æма райдæдта хъæбæр зин, фал кадгин ихæс æнхæст кæнун.

### ТОХ КОДТОНЦÆ ФИДИБÆСТÆН ФУЛДÆР НЕФТЬ РАТТУНБÆЛ

Туймазайи 100-аг нефтцъирæни коллектив Дзандари разамундæй райдæдта косун. Нæ бæсти уомæй размæ уæхæн сгæрст некæд адтæй, æ нифс имæ неке хаста, нефть си ку нæ разинна æма нæ фудæбон дзæгъæли ку фæууа, зæгъгæ. Фал си разиндтæй агъазиау æвæрæнтæ. Уомæй размæ æнæгъæнæ трести промыслитæ тох кодтонцæ суткæмæ 300 тонни нефть дæттунбæл. Нур 100-аг нефтцъирæни коллектив арф æвæрæнтæ ку раргом кодта, уæд трест уæлдайгунтæй æ пълан æнхæст кæнун райдæдта. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй промысли коллективæн лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси Паддзахадон Гъæуайкæнуйнади Комитети туруса.

Тугъди æбуалгъ хабæрттæ уæгъдæ нæ уагътонцæ нефтикустгæнгути. Лæдæрдтæнцæ, Советон Æфсади уæлахез берæ аразгæ ке æй сæ уодвæллойнæй, æма тох кодтонцæ æфсадæн фулдæр нефть раттунбæл.

Æнæмæтæ нæ адтæнцæ сæ бийнонтæбæл дæр. Дзандарæн е ’нсувæртæ Дудик æма Тамби дæр рандæнцæ тугъдмæ, адтæнцæ танкисттæ. Дудик бæгъатæрæй фæммард æй. Тамби цæфтæй исæздахтæй фæстæмæ.

Ирæзтæй æ зунд, е ’скъуæлхт фæллойни фæрци Тæкъоти инженерæн, æййивтонцæ ’й еу рауæнæй иннемæ бæрнондæр бунæттæмæ. 1943 анзи нисангонд æрцудæй трест «Туймазанефть»-и агъазиаудæр промысли сæйраг инженерæй. Æма ескæми куст райаразуйнаг æй, зæгъгæ, уæд имæ æрвистонцæ Дзандари. Косгæ ба фæккодта мæнæ уæхæн бунætти: 1947 анзи – сахар Жигулевски трести «Ставропольнефть»-и сæйраг инженер; 1950 анзи иссæй еци трести хецау; 1955 анзи – Куйбышеви облæсти «Первомайнефть»-и управлений хецау; 1957 анзи – Куйбышеви облæсти адæмон комиссаради сæрдари хуæдæййевæг; 1958 анзи – СЦКП-й Куйбышеви обкоми промышленнон-транспортон хайади сæргълæууæг; 1960 анзи – еугонд «Куйбышевнефть»-и генералон директор. Куд уинæн, уотемæй дæс æма инсæй анзи Дзандар фæккуста Башкири АССР-и æма Куйбышеви облæсти нефти куст райаразунбæл.

### «САЛАМ ДИН ДÆТТÆН УРУХ ВОЛГÆ ÆМА МУХАНОВИ ИТИГЪД БУДУРТÆЙ!..»

Уоми цæрæг адæм æй нимадтонцæ се ’мзæнхонбæл. Мæнæ имæ æ игурæн бони фæдбæл

Уæрæсей национ гвардий æфсæдти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 27 мартъий. Еци бон ма бæрæггонд цæудзæнæй театри Еугурдуйнеуон бон дæр.

***фудзæрдæ... Цæмæй дæ къохи ести бафтуйа, уой туххæй гъæуама разæй ма уай, фал астæуккæгти хæццæ, лæггадæ кæнунбæл архайай, цагъайраг унмæ арæхсай, сæркъолæй цæуай... Устур дессаг ба куд нæй, фехсуд, лигъз нæдтæбæл ка нæ фæццæуй, æвуд хæтæнтæ ка фæййагоруй, нæуæг, æнæсгæрст рауæнтæмæ ка фæббæллуй, уонæн цард цитæ бавзарун кæнуй, е...»***



куйбышеваг нефткосгутæ ци арфи финстæг æрбарвистонцæ, уоми загъд адтæй: «Салам дин дæттæн Урух Волгæ æма Муханови итигъд будуртæй. Фæткъугин Адагæй æма Голодови Айнæгæй, хуæнхтæй, къахвæндæгтæй, кæци рауæн райевгъудæнцæ де 'ригон царди æнзтæ. Еци рæдау бунæттæ, куд дæхе æмбæлттæ – куйбышеваг нефткосгутæ – сæ зæрдæбæл дарунцæ æвæллайгæ, еудадзуг æнæнцайгæ æма кустбæл æновуд Тæкъоти Афсимайхуæй фурт Дзандари. Ду берæ хуарздзийнæдтæ байтудтай нæ зæнхæбæл æма нур дæттунцæ гъæздуг, бæрдкадгин æвзæрттæ. Уой туххæй ди ан хъæбæр боз».

1970 анзи Тæкъоти Дзандар æййивд æрцудæй Мæскумæ ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæгæй æндагон экономикон фарстати. Æхе равдиста дæсни, гъуддагбæл æновуд разамонæгæй. Аци бунати косгæй, уæдта Куйбышеви уогæй, устур æргом æздахта æ уарзон Иристонмæ, райгурæн Киристонгъæумæ, агъаз син кодта материалон-техникон фæрæзнитæй, трактортæй, автомашинттæй, арæзтадон æрмæгæй. Алли анз дæр æ фæллад уадзунмæ цудæй Кисловодскмæ æма æ над ракæнидæ Дзæуæгигъæубæл, Дигорабæл. Еухатт ба Дигорамæ иссæугæй, æ над ракодта Энгельси гъæунгæбæл. Е æй сахари сæйраг гъæунгæ. Ами цæуй Уорсдони дони къабазæ, хонунцæ 'й Астæудон. Тугъди размæ æма æ фæсте æнзти аци донæй пайда кодтонцæ киристонгъæуккæгтæ. Билгæрæнттæ адтæнцæ кæдзос, сæрдигон си сабийтæ сæхе дæр æртадтонцæ. Фал нур Дзандар дони билгæрæнттæмæ ку æркастæй, уæд фæкъкъех æй: дон нимминкъий æй, ниуазунмæ нæбал бæзтæй, хъæзтæ, бабузтæ, хутæ си сæхе ерхæфсунцæ. Дзандар зудта, æ гъæубæстæ дони туххæй хъæбæр ке тухсунцæ. Еци рæстæг партий Дигори райкоми фиццаг секретарæй куста Акъоти Василий. Фембалдæй æ хæццæ æма ин уотæ:

– Василий, материалон-техникон фæрæзнитæй районæн байагъаз кæнуни туххæй мæмæ дæхе ку бахатис, уæд дин дæ курдиадæ æнæ исæнхæст кæнгæ ку некæд фæуун, уæд ниуазуни донæй адæми бафсадуни туххæй куд неци мадзæлттæ аразис. Байевдæлæ æма искæнун кæнæ проект кæдзос артезианон донцъирæн исаразуни туххæй. Техникон фæрæзнитæй цидæриддæр гъæуа, уони уин исæрветдзæнæн.

– Е агъазиау агъаз уайдæ районæн, æма дин арфæ кæнун, нимайæй, цума дæ проект конд æй, уотæ.

Дзандар куддæр Куйбышевмæ рандæй, уотæ æ дзурд æнхæст кæнун райдæдта. Цубур рæстæги фæсте Дигорамæ сæрмагонд вагæнтти исæрвиста хæтæлтæ, трансформатортæ æнæгъæнæ комплекти хæццæ, артезианон цъирæнтæ, æхгæнæнтæ. Фæстæдæр бабæй æ фæллад уадзунмæ ку иссудæй, уæд ин Акъоти Василий уотæ:

– Дзандар, объект еугурæйдæр бæргæ исрæвдзæ 'й, фал цъирæнтæ дон нæ дæттунцæ.

– Уомæн уæн нæййес, – загъта Дзандар, – æз исæрвистон нæуæг цъирæнтæ, гъуддаг æндæр цидæр



**ТÆКЪОТИ Дзандар (раззаг рæнгъи астæуæй) Америки Еугонд Штатти кустадон балций рæстæг фембæлдтитæй еуеми.**

къулумпи кæнуй. Цæуæн æма 'й исбæрæг кæнæн.

Рандæнцæ донцъирæнмæ. Дзандар машинистмæ дзоруй, цъирæни электромотор искосун кæнæ, зæгъгæ. Искосун кодта агрегат, фал цъирæн дон не 'слæвардта. Дзандар уайтæккæдæр гъуддаг балæдæрдтæй. Машинист æндагскъæф цъирæн раст нæ исевтигъта æма имæ ходгæй дзоруй:

– Æндагскъæф цъирæн уадзун гъæуй, е 'хгæнæнтæ игон куд уонцæ, уотемæй.

Фал машинист нæ арази кæнуй цъирæни æхгæнæнтæ исæхгæнунбæл, тæрсуй, дони тухæфсæрстæй агрегати корпус ку расæтта.

– Дзандар куд зæгъуй, уæхæн уагæбæл исæвæрæ агрегат æма 'й æркосун кæнæ, – загъта Василий машинистæн.

Рауагътонцæ агрегат. Æхгæнæни манометрбæл атмосферон æлхъивдадæ куддæр фæззиндтæй, уотæ ин Дзандар е 'хгæнæн фегон кодта æма дин Хуцау уæхæн хуарз ракæнæд – кæдзос артезианон дон 15 метрей бæрцæ хæрдмæ ниццавта. Уæдæй абони уæнгæ Дигора æфсæсес æй донæй. Берæ арфи дзурдтæ ин фæззæгъиуонцæ адæм.

## РОХС ФÆД НИУУАГЪТА ДЗАНДАР Æ НАМУСГИН КАРНИ НÆДТÆБÆЛ...

Гъæугæ лæг адтæй Иристонæн Тæкъоти Дзандар.

– Иристони нефть ес, – дзурдта нæ кадгин æмзæнхон, Ленинон премий лауреат, – зæрдæдарæн ес нæуæгдæр, агъазиаудæр нефти игурæнтæ нæ къохи ке бафтуйдзæнæй, уобæл. Хумæтæг ихæс нæй. Нефти игурæнтæ байагорун æма сæ искосун кæнунæн устур æхцай фæрæзнитæ гъæуй, уой зонгæй, гъæуама гъуддагмæ кæсæн бæрнон цæстæй.

Æ рæстæги нæ республики нисангонд æрцудæй программæ «Иристони нефт» (гъулæггагæн, еци программæ берæ цæйдæрти фудæй кæронмæ æнхæстгонд не 'рцудæй, еузагъдæй, неци си рауадæй. – *Ред.*)

Берæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй Дзандари къохи нефти æвæрæнтæ раргом кæнуни гъуддаги айдагъ нæхе бæсти нæ, фал ма фæсарæйнаг бæстити дæр. Сирийæгтæ Дзандари худтонцæ «Сирий нефти промышленности фидæ». Ираки «Северная Румела» æма «Лухейс»-и нефти игурæнтæ фиццагидæр игонгонд æрцудæнцæ советон нефткосгути фæрци, сæ сæргъи ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæг æндагон экономикон гъуддæгути Тæкъоти Дзандар. Уой туххæй Дзандар хуарзæнхæгонд æрцудæй Ираки орденæй. Арфиаг си адтæнцæ кубæйæгтæ дæр, сæ национ промышленности ирæзтмæ æ фæллойни хай ке бахаста, уой туххæй. Уотæ индийæгтæ дæр. Куби разамонæг Фидель Кастро ин æ косæн уати исаразта фембæлд æма ин æ агъази туххæй зæрдиаг арфæ ракодта Рауль Кастро. Еци фембæлди ци къартæ исистонцæ еумæ, етæ æнцæ Дзæуæгигъæуи бæстæзонæн музейи. Къуар анзей дæргъи Тæкъой-фурт адтæй Азий æма Африки бæстити Комитети иуонг.

Рохс фæд ниууагъта Дзандар æ фæллойни намусгин нæдтæбæл. Нефти кустадæ райаразун æма си хæдзардзинæй пайда кæнуни фæдбæл ци наукон куститæ, статьятæ ниффинста, уони нимæдзæ сæдемæ хæстæг æй. ССР Цæдеси нефти промышленности министри хуæдæййевæгæй косгæй, гъуддаги фæдбæл фараст æма цуппаринсæй хатти балцити адтæй Америки Еугонд Штатти, Франций, Канади, Японий, Мексики, Италий, Финляндий, Египети, Кувейти, Ливий, Польший, Чехословакий æма æндæр бæстити. Æма кæмидæриддæр адтæй, уоми 'й нимадтонцæ дæсни специалист æма курухон дипломатбæл.

Тæкъой-фурти намусгин фæллойнæн паддзахадæ искодта устур аргъ: лæвæрд ин æрцудæй Ленинон преми, Ленини дууæ ордени, фæллойнадон Сурх Турусай дууæ ордени, Адæмти Хæлардзийнади орден, Устур Фидибæстон тугъди 1941-1945 æнзти æ хъазауатон фæллойни туххæй майдантæ, Кади гæгъæдитæ. Лæвæрд ин æрцудæй нæ республики цитгиндæр хуæзеуæг «Иристони кадæн». Исаккаг ин кодтонцæ цитгин нæмттæ: «Уæрæсей наукæ æма техники æскъуæлхт косæг», «Кадгин нефткосæг», «Уæрæсей нефти æма гази промышленности æскъуæлхт косæг». Æ наукон æргъудидзийнадæн райста авд патенти; бахаста инсæй рационализаторон фæндонемæй фулдæр.

РЕДАКЦИЙÆЙ: *Тæкъоти Дзандар пенсий ку рацудæй, уæд исæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ æма си фæццардæй æ царди фæстаг бæнтти уæнгæ. Рамардæй 2001 анзи 19 январи, байвардтонцæ 'й æ райгурæн Киристонгъæуи уæлмæрдтæй еуеми.*

## Æ РОХС НОМ – ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ






**Тæкъоти Дзандари цардвæндаги хабæрттæ æма æскъуæлхтдзийнæдтæ иронх нæ 'нцæ нæ дзиллæй. Æ райгурæн Киристонгъæуи ин, зæгъæн, Цæголти Геуæргий номбæл мемориалон музейи арæзт æрцæуй номерæн мадзæлттæ, ами Намуси Аллейи дæр ин æвæрд æрцудæй бюст. Цæмæдесаг æй абони дæр ма, финсæг Черчести Георгий хæццæ ци киунугæ «Человек, в жилах которого течет нефть» бацæттæ кодтонцæ, е дæр.**




**Поэзий Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 21 мартъий. Нисангонд æрцудæй 1999 анзи ноябри ЮНЕСКО-ий æнхæстгæнæг комитети унаффæй.**

*– Настоящая подруга никогда не спросит – «зачем?» Она просто сходит в магазин, купит, принесет, откроет и нальет.*

☺ ☺ ☺

*– Дорогой, до свадьбы ты всегда брал для меня такси, а сейчас считаешь, что можно ездить на метро.*

*– Это потому, что я очень горжусь тобой, дорогая. В такси тебя видит только один шофер, а в метро – тысячи людей.*



# ПАЙДАЙАГ ЗАЙÆГОЙ – ДАБОНÆ

Цæгат Иристони æрдзæ гъæздуг æй аллихузон хуæрунмæ ка бæззуй, уæхæн зайæгойтæй. Дабонæ ба нæмæ уæлдай ахиддæр æй. Кæми нæ фæууиндзæнæ аци содзагæ æма тæфгæнагæ зайæгой, уæхæн бунæттæ берæ нæййес нæ республики. Арæхъи рæгъти хонсарвæрстæй уæлдай берæгæйттæй ирæзуй Тарскийи, Сунжи, Майрæмадаги, Хæтæлдони, Суадаги æма æндæр гъæути къилдунти, уæлдайдæр ба Субийи гъæди Хъабагъуати æма Бадзийи кæмтти.

Адæймаг зуймон рæстæги æрлæмæгъ уй, организми гъæугæ витаминтæ ке нæбал фæффагæ кæнуй, уой туххæй. Уомæ гæсгæ ’й фæттухгиндæр кæнунæн тæккæ хуæздæр мадзал æй дабонæ хуæрун.

Дабонæ кенæ арси гъæдзиндзæ, кенæ гъæддаг бодæн æй берæанзон зайæгой. Æмбурд æй фæккæнунцæ мартъий, апърели, майии. Деденæг ба фæккалуй июни. Берæгæйттæй зайуй Центрон Европи: Австрий, Бельгий, Чехий, Словакий, Германий, Венгрий, Польший, Швейцарий; Цæгат Европи: Даний, Финляндий, Ирландий, Норвегий, Швеций, Великобритании; Хонсар Европи: Румыний, Болгарий, Югославий, Греций, Италий, Франций, Испаний, Украини, Белоруссий; Кавкази: Сомехи, Азербайджани, Гурдзий æма Турки дæр.

Гъæддаг дабонæ ирæзуй сауæнгæ тундри уæнгæ дæр. Ахиддæр æй фæууинæн ес цæугæдæнттæмæ хæстæг дæлвæзти. Æ сифтæ уæлдай хуæрзадæдæр æнцæ уæлдæфи температурæ 12-17 градуси ку фæууй, уæд. Уомæй уæлæмæ сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ лæгъуздæр кæнун райдайуй, уæлдайдæр сор рæстæг. Дабони сифтæ маргæйдзаг зайæгой ландыши сифти хузæн ке ’нцæ, уой туххæй сæ кæрæдземæй æртасун зонун гъæуй.

Нуртæккæ æй дабонæ цæттæ кæнуни тæккæ афонæ. Берети фæффæндуй уалдзæги фиццаг халæй тагъд-тагъдæй фегъæстæ ун æма уомæн гæнæн дæр ес. Ахургæндтæ куд рартастонцæ, уотемæй дабонæ гъæздуг æй пайдайаг бауæргъæдтæй. Айдагъ аскорбинки тауæгадæ си ес, апельсин кенæ лимонæй 10-15 хатти фулдæр. Витамин С – берæ. Уомæй уæлдай, дабони сифти æма зæнги ес эфири сойнæ, органикон бауæргъæдтæ æма фитонцидтæ дæр. Етæ еугурæй дæр æвдадзи хуасæ ’нцæ адæймаги организмæн.

Дохтиртæ дабонæ амонунцæ куд адæймаги организм кæдзосгæнæн фæрæзнæ. Пайда си кæнунцæ аллихузон микробти, еуæй-еу незти нихмæ. Мадта адæмон медицини дæр æ ахедундзийнадæ минкъий нæй. Дабонæ фæххуæрунцæ, адæймаги уазал ку бацæуй, хуфгæ ку фæккæнуй, уæд. Æ зæнгитæ ци дони исфицонцæ, е ба æвдадзи хуасæ æй гъæдгинтæ дзæбæх кæнунæн. Хумæтæги нæмæ нæ байзадæй уæхæн загъд, дабонæ авд незей нихмæ лæууй, зæгъгæ. Куд рагон хуасийнæ зайæгой, уотæ зундгонд адтæй сауæнгæ гермайнæгтæн, кельтæгтæн æма ромæгтæн дæр. Археологион æртасæнтæ æнхæст кæнгæй, разхуæнхон Альпити дабони фæдтæ иссирдтонцæ адæймаги недзаманти цæрæнбунæтти. Е дзорæг æй, дабонæй 5000 анзей размæ дæр пайдагонд ке цудæй, уобæл.

Дабони фитонцидтæ берæ ке ес, уой туххæй хуарз агъаз кæнуй губуни листæг кæлмитæ фесафунæн, бæззуй микробти нихмæ архайдæн. Амонунцæ ’й цинга дзæбæх кæнунæн, агъаз кæнуй тогæфсесадæн.

Еузагъдæй, адæмон медицини си пайдагонд цæуй мин анзей дæргъци, уæдта ма тъæнгти аллихузон хуæцгæ незтæй дзæбæх кæнунæн дæр. Рагон Рими астæуккаг æности дабонæ хуарз фæрæзнæ адтæй ахсæн æма тог кæдзос кæнунæн. Берæ æности размæ ци медицинон фæллæнттæ финст æрцудæнцæ, уонæми ба финст цæуй, зæгъгæ, дабонæ пайдайаг фæрæзнæ ’й халерæ æма æндæр хуæцгæ незти рæстæг. Дабони донæй дзæбæх кæнунцæ тæфсагæ, хуфæг, хъурти нетæ, индис æма æндæртæ. Пайда кæнæн си ес, куд ниуазгæй, уотæ хуæргæй æма бауæр уомæй исæрдуни фæрци дæр.

Аци зайæгой æй диетикон продукт дæр. Ку си хуæрай, уæд æвзаг, комикъолтæ фæссодзуй, фал е неци зиан хæссуй. Адæймагмæ хуæрун хъæбæрдæр æрцæуй, организм ба си хъаурæгиндæр кæнуй. Хуарз агъаз æй ахсæн æма тъæнгтæ ракæдзос кæнунæн дæр. Дабонæй кæнунцæ салаттæ æма винегреттæ. Мадта, цæхгунæй дæр æ адæ æма хуасæгæнæн менеугутæ нæ исафуй. Бунæттон цæргутæ си ахид пайда кæнунцæ дзосæ кæнунæн. Дабони сифтæ ку нæма фæхъхъæбæр унцæ, уæд хуарз æнцæ нæуæгæлхъивд цихти хæццæ кæретæ кæнунæн.

Аци зайæгойæй хуастæ æма си хуæруйнаг кæнунæй уæлдай зонун гъæуй æ цæттæ кæнун дæр. Махмæ ’й хæссун райдайунцæ рагуалдзæги, æ сифтæ ма фæлмæн ку фæуунцæ, уæд. Гъæуама кардæй лухгонд цæуонцæ айдагъдæр сифтæ, сæ бунти хæццæ син кæрдæн нæййес. Уомæн æма дабонæ цæттæ кæнгæй, федæн анзи тиллæгбæл дæр гъуди кæнун гъæуй. Еугур зайæгойтæн ба кæрдæн нæййес. Гъæуама алли квадратон метри дæр уагъд цæуа 15-20 зайæгойи, цæмæй æ муггаг ма фесæфа.

Гъулæггагæн, аци амунддзийнæдтæ анзæй-анзмæ неке æнхæст кæнуй. Ке куд фæндуй, уотæ къахуй дабонæ, нæ республики æрдзæгъæуайгæнæг оргæнтæ ба нур цал анзи еу фæткæ дæр нæма исаразтонцæ аци пайдайаг зайæгой багъæуай кæнуни туххæй. Цæрæнбунæттæй идарддæр ке зайуй, е ма ’й гъæуай кæнуй, æндæр ба айфонмæ фесавдайдæ.

Пайдайаг зайæгойæн уæлдай фулдæр зæран хæссунцæ адæм. Рагуалдзæги дабонæ куддæр базмæлуй, уотæ ’й гъæйттæй æмбурд кæнунмæ февналунцæ æма ’й голлæгутæй хæссун байдайунцæ уæйæ кæнунмæ. Фал айдагъ абони пайдабæл гъуди кæнун нæ гъæуй. Гъæугæ мадзæлттæ исаразун гъæуй, цæмæй дессаги хуасæгæнæн зайæгой бунисæфт ма фæууа æма æнæгъæугæдардæй байзайа нæ байзæдтæгтæн дæр, уонæн дæр пайдахæссæг исуа.

**ТОХСИРТИ Къоста**

НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР

## МЕДИЦИНÆ



# НЕЗ МА ’РУАДЗУН – ХУÆЗДÆР

Пневмонийæ дохтиртæ нимайунцæ уæззау незбæл, уомæн æма æ нихмæ рæстæгæй-рæстæгмæ нæуæг хуастæ кæд фæззиннуй, уæддæр, уой фудæй ка рамæлуй, еци сæйгитæ еу æма дууæ нæ ’нцæ.

Пневмонийæй ес хе багъæуайгæнæн профилактикон мадзæлтти фæрци. Циуавæр æнцæ еци мадзæлттæ?

Фиццагидæр, организм гъæуй уазалбæл ахур кæнун. Пайда æй, уазал æма гъар дон кезугай кæцæй кæлунцæ, уæхæн души буни ралæуун, къæхтæ уазал дони радарун. Райдайун гъæуй, æ температурæ 34-36 градуси кæмæн уа, уæхæн донæй, уæдта температурæ минкъийгай æргæлдзун 25 градусей уæнгæ. Организм уазалбæл ку исахур кæнайтæ, уæд инфекцити нихмæ федардæр лæудзæнæй, уомæн æма иммунитет федардæр уодзæнæй.

Дохтиртæ амонунцæ уолæфæнти гимнастикæ. Е уæлдай пайдадæр æй хуссæни хъан сæйгитæн. Уолæфæнтæ цæмæй хуарз косонцæ, уой туххæй хуарз æй тумбулæгтæ думун.

Пневмонийи профилактики иннæ хузæ ’й, инфекци æхе кæми «римæхсуй», уæхæн бунæттæ дзæбæх кæнун, зæгъæн, дæндæгутæ, хъуртæ æма æндæртæ. Алли незгун оргæни дæр ци инфекци ес, е æнцондæрæй бахъæртуй уолæфæнтæмæ.

Иммунитет фæффедардæр кæнунæн ахид пайда кæнунцæ зайæгойтæй арæзт иммуномодуляртортæ – элеутерококк, эхинацея, левзия, гулæр (ромашка). Сæ еугур дæр ниуазгæ ’нцæ цайии хузи. Уомæй уæлдай, пневмонийи профилактикæн куд сувæллæнттæн, уотæ хестæр кари адæймæгутæн дæр пайда æй массажтæ кæнун.

Пневмонийæй цæмæй ма фæссæйгæ уайтæ, уой туххæй аци незæй сæйгæмæ хæстæг ма цотæ. Уæхе гъæуай кæнетæ уазалтæй æма гъæуай кæнетæ уæ нервтæ дæр. Аллихузон химион бауæргъæдтæй уæ уолæфæнтæ гъæуай кæнетæ.

Еугур еци фæдзæхститæ ку æнхæст кæнайтæ, уæд уæхе пневмонийæй багъæуай кæндзинайтæ æма, цийфæнди бонигъæдæ, циуавæрдæр уаварти ку бахауайтæ, уæддæр уодзинайтæ æнæнез.

***Медицинон профилактики республикон центр***

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **620.** Заказ **№ 545.** Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 19.03.2026. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.03.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**